# HA'ZIRGI FILOLOGIYA ILIMININ' A'HMIYETLI MA'SELELERI



NO'KIS - 2013

WO'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI' JOQARI' HA'M WORTA ARNAWLI' BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATI'NDAG'I' QARAQALPAQ MA'MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI' FAKULTETI

# «Ha'zirgi filologiya iliminin' a'hmiyetli ma'seleleri»

atamasi'ndag'i' Respublikali'q ilimiy-teoriyali'q Konferenciyasi'ni'n' maqalalar toplami'

I

NO'KIS–2013

**Ha'zirgi filologiya iliminin' a'hmiyetli ma'seleleri.** Ilimiy maqalalar toplami'. No'kis. 2013. 148 bet.

Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti Ilimiy metodikali'q ken'esinin' 1-may 2013-ji'l 7-sanli' bayanlamasi' menen tasti'yi'qlang'an.

Bul toplamg'a Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti qaraqalpaq filologiyasi' fakulteti professor-woqi'ti'wshi'lari'ni'n' ha'm Respublikami'zdi'n' basqa da joqari' woqi'w wori'nlari'nda, til bilimi, a'debiyattani'w tarawlari'nda ilimiy-izertlew jumi'slari'n ali'p bari'p ati'rg'an izertlewshilerdin' ilimiy maqalalari' kirgizilgen. Maqalalar til biliminin' ha'm a'debiyattani'w iliminin' tu'rli tarawlari' boyi'nsha jazi'lg'an. Toplamnan u'lken ilimiy xi'zmetkerler, magistrantlar, sonday-aq studentler ilimiy jumi'slar u'stinde islegende paydalani'wi' mu'mkin.

**Juwapli' redaktor:** A. Da'wletov - f.i.d., professor, akademik

**Redakciyali'q topar:**
Q. Jarimbetov - f.i.d., professor
M. Qudaybergenov - f.i.d., professor
Q. Turdi'baev - f.i.k., docent
Q. Yusupov - f.i.k., docent
J. Ni'zamatdinov - f.i.k., docent
A. Abdiev - f.i.k., docent
G. Adilova - u'lken woqi'ti'wshi'

**Pikir bildiriwshiler:**
K. Pali'mbetov - f.i.k.
M. Qurbanov - f.i.k.

## MAZMUNI'

### *TIL BILIMI*

**Da'wletov A.** Qaraqalpaq a'lipbesindegi wo'zgerisler ha'm jazi'wdag'i' ayi'ri'm mashqalalar ........ 3
**Abdinazimov Sh.** Til algebrasi' yamasa til bilimindegi glossematika teoriyasi' ........ 7
**Qudaybergenov M.** Rus tilinen kirgen so'zlerdin' imlasi' haqqi'nda ........ 13
**Allaniyazova Sh.** Qaraqalpaq tili sabaqlari'nda interaktiv metodlardan paydalani'w usi'llari' ........ 16
**Seytnazarova I.** I.Yusupov shi'g'armalari'nda kontekstlik antonimlerdin' qollani'li'wi' ........ 20
**Qarli'baeva G.** A'jiniyaz shi'g'armalari'nda basqa tillerden kirgen so'zler ........ 26
**Da'wletmuratova Z.** Balalar tilinde tuwi'sqanli'q atamalari'ni'n' qollani'li'wi' ........ 30
**Wo'temisov A.** Qaraqalpaq tilindegi affiksaciya usi'li' arqali' jasalg'an ayi'ri'm wo'simlik atamalari' haqqi'nda ........ 32
**Adilova G.** Qaraqalpaqstan qazaqlari' tilindegi toy da'stu'rlerine baylani'sli' geypara etnografizmler ........ 34
**Asanova J.** Qaraqalpaqstanli' qazaqlar tilindegi geminaciya qubi'li'si' ........ 37
**Sharipova J.** Qazaq ha'm qaraqalpaq tillerinde almasi'qlardi'n' morfologiyali'q wo'zgeshelikleri ........ 39
**Dilanov B.** S.Ma'jitov shi'g'armalari' tilindegi feyildin' forma jasawshi' qosi'mtalari' haqqi'nda ........ 42
**Xojanov M.** Qaraqalpaq tilindegi seske yeliklewish tu'birden jasalg'an qus atamalari' ........ 47

### *A'DEBIYATTANI'W*

**Ja'rimbetov Q.** Berdaqtani'w iliminin' ha'zirgi jag'dayi' tuwrali' ........ 50
**Worazi'mbetov Q.** A'debiyatta strukturali'q analiz – a'debiyatti' u'yreniw usi'li' ........ 56
**Nurabullaev B.** Klassikali'q a'debiyati'mi'z miyraslari' h'azirgi memuarlardi'n' deregi si'pati'nda ........ 65
**Turdi'baev Q.** N.To'reshova poeziyasi' haqqi'nda geypara woylar ........ 69



**Genjemuratov Q.** Monostixte (bir qatarlı qosıq) lirikalıq obekt h'a'm onı'n' lirikalı'q qah'arman obrazı'n jasawdag'i' ko'rkemlik funktsiyası' ........ 72
**Yusupov Q.** T.Qayı'pbergenovtı'n' «Qaraqalpaq qı'zı'» romanı'nda peyzaj ha'm qaharman obrazı' ........ 75
**Ni'zamatdinov J.** Qaraqalpaq folkloristikasi'ni'n' tabi'slari' ha'm aldag'i' wazi'ypalari' ........ 79
**Bekbergenova Z.** T.Qayi'pbergenovti'n' «Ko'zdin' qarashi'g'i' romani'nda dara replika h'am monolog» ........ 84
**Matekeev S.** XIX a'sir qaraqalpaq poeziyasi'nda lirikali'q qaharman obrazi' ........ 88
**Allambergenova P.** Ko'rkem su'wretlew usılları'nı'n' mazmung'a qatnası' (Ku'nxoja lirikasi' mi'sali'nda) ........ 91
**Worazi'mbetova M.** Formalı'q jaqtan birikken lirikalı'q du'rkinler ........ 94
**Gayli'eva Wo.** Zulfi'ya do'retiwshiliginde doslı'q teması' ........ 97
**Dosı'mbetova A.** Sh.Seyitov lirikası'nda mazmun ko'pqatlamlı'lı'g'i' (polifoniyalı'lı'q) ........ 100
**Sag'i'ydullaeva J.** Milliy poeziyanı' awdarı'wdı'n' ayı'rı'm a'hmiyetli ma'seleleri (Zulfiya shı'g'armaları'nı'n' qaraqalpaq tiline awdarmaları' haqqı'nda) ........ 104
**Sag'i'ydullaeva J.** U.Pirjanov gu'rrin'lerinde ko'rkem sheberlik ........ 111
**Yesebaev M.** Mif, tari'yx h'am «Yedige» da'stani' ........ 115
**Smamutova Sh.** 60-70-jı'llardag'i' qaraqalpaq-qazaq poeziyası'ndag'i' jan'a burı'lı'slar ........ 118
**Avezkli'cheva S.** Da'stanshi'li'q da'stu'rlerinin' izertleniw tariyxi' ........ 120
**Kerwenov T.** A'jiniyaz shayi'rdi'n' lirikasi'nda mif ha'm an'i'zlardi'n' ko'rkemlik a'hmiyeti ........ 123
**Allambergenova I.** Berdaqti'n' epikali'q shi'g'armalari'nda an'i'zlardi'n' qollani'li'wi' ........ 126
**Toqi'mbetova G.** Berdaq do'retiwshiliginde da'stu'r h'a'm do'retiwshilik ........ 129
**Jepbarova S.** A.Mammedov Qaraqalpaq a'debiyati'n izertlewshi ha'm awdarmashi' ........ 133
**Nurseytov D.** Qaraqalpaq a'debiyati'nda ta'riyip janri'ni'n' u'yreniliwi ........ 136
**Ma'tmuratova R.** Satirali'q komediya haqqi'nda tu'sinik ........ 141

birinde memuarist jazi'wshi'lar wo'zi so'z yetip ati'rg'an waqi'yalardi' ko'rkem proza shi'g'armalari' si'yaqli' bastan-ayag'i'na waqi'yadan waqi'ya shi'g'ari'p su'wretlemesten, wo'zi jasag'an da'wirdin' ha'm wo'z wo'mirinin' rawajlani'wi'na belgili da'rejede iz qaldi'rg'an unamli' ha'diyseler menen birge, ayi'ri'm payi'tlari' unamsi'z ta'sir jasag'an waqi'yalar ishinen yen' kereklilerin tan'lap ali'p, wo'zi qa'legen ko'lemde qi'sqa yaki ken' tu'rde su'wretlewge ha'reket yetedi. Memuarli'q shi'g'armalardi'n' kompoziciyali'q quri'li'si'na jazi'wshi'ni'n' yeske tu'siriwleri menen birge ku'ndeliklerin, xatlari' menen wo'mirbayanli'q mag'luwmatlari'n jayg'asti'ri'wi' avtordi'n' sheberligine baylani'sli'. Ko'pshilik memuarlardi'n' kompoziciyasi' gu'rrin'ler ciklinen yaki bolmasa bap ha'm bo'limlerden turadi'. Qa'legen memuarli'q shi'g'armalardi'n' syujeti ma'selesine keletug'i'n bolsaq, memuarist jazi'wshi'lardi'n' ha'r biri de qanday ka'sip iyesi boli'wi'na qaramastan, wo'zi ko'rip gu'wasi' bolg'an, yesitken, bilgen turmi's waqi'yalari'n aqi'l yesi toqtasi'p, turmi's ta'jiriybesi molayi'p, wo'tken wo'mirine si'n ko'z benen qarap, kewil ta'rezisinen wo'tkergen payi'tta g'ana kitap oqi'wshi'si'na ko'rkemlep jetkeriwge yerisedi.

### A'DEBIYATLAR


1. Маллаев Н.М. Ўзбек адабиёти тарихи. Биринчи китоб. Тошкент. Ўқитувчи. 1976. 577-б.


## NABIRA TO'RESHOVA POEZIYASI' HAQQI'NDA GEYPARA WOYLAR


***Qonaqbay Turdi'baev***


XX a'sirdin' aqi'rg'i' sheregine kelip milliy qaraqalpaq poeziyami'zdi'n' rawajlani'wi'na hayal-qi'zlar do'retiwshiligi yelewli u'les boli'p qosi'ldi'. Milliy poeziyami'zg'a 1970-ji'llarda G.Shamuratova, 1980-ji'llarda N.To'reshova, P.Mi'rzabaeva, M.Jumanazarova, B.Nurnazarova, 1990-ji'llarda G.Nurlepesova, G.Dawletova, A.Wo'teniyazova, N.Tilewova ha'm tag'i' basqalar kelip qosi'ldi'. Demek, wo'zine ta'n ko'rkem obrazlar du'nyasi', ideyali'q-tematikali'q bag'dari', janrli'q-stillik qa'siyetleri menen ayi'ri'li'p turatug'i'n hayal-qi'zlar poeziyasi'si'z bu'gingi milliy poeziyami'zdi'n' rawajlani'wi'n ko'z aldi'mi'zg'a toli'q tu'rde keltiriwimiz qi'yi'n.

G'a'rezsizlik da'wirine kelip milliy poeziyami'zdi'n' rawajlani'wi'nda hayal-qi'zlar do'retiwshiliginin' tutqan worni' u'lken boldi'. Wolar yerler serley almag'an, wonday itibar bere bermeytug'i'n ayi'ri'm turmi's ha'm ta'biyat ha'diyselerinen, adamlar arasi'ndag'i' qari'm-qatnasqa baylani'sli' ha'reketlerden u'lken bir ja'miyetlik a'hmiyetke, teren' ideyali'q salmaqqa iye ko'rkem obrazlardi' jarata ali'w ha'm sol arqali' woqi'wshi'ni'n' ruwxi'y du'nyasi'na ta'sir yete ali'w qa'biletine iye. A'sirese, bug'an g'a'rezsizlik zamani' u'lken imkaniyat jarati'p berdi.

Bu'gingi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'nda Qaraqalpaqstan xali'q shayi'ri' N.To'reshovani'n' tutqan worni' wo'z aldi'na.

Usi' waqi'tqa shekem N.To'reshovani'n' «Jasli'g'i'm menin'» (1978), «A'dildin' so'zi» (1981), «Sa'wir samali'» (1988), «Periyzat» (1990), «Wo'zin'nen» (1994), «A'ziyzim» (2009) atli' poeziyali'q toplamlari' basi'li'p shi'qti'. Wolardi'n' ishinde, a'sirese, g'a'rezsizlik ji'llari'nda jazi'lg'an bir neshe g'a'zzel du'rkinleri ha'm «Qi'zi'm-aw», «Yalg'anshi'», «Tutqi'n» atli' poemalari' woqi'wshi'lar ja'miyetshiliginde u'lken qi'zi'g'i'wshi'li'q woyatti'. N.To'reshova a'zelden-aq qaraqalpaq poeziyasi'na wo'zinin' muhabbat lirikasi', soni'n' menen qatar, social-ja'miyetlik mazmundag'i' qosi'qlari' ha'm g'a'zzelleri menen kirip kelgen yedi. Son'g'i' ji'llari' da wol g'a'zzel janri'nda ko'birek qa'lem terbetti. Buni'n' u'stine wol publicistikali'q ruwxi' ku'shli ko'plegen poeziyali'q shi'g'armalari' menen milliy poeziyami'zdi' mazmun ha'm poetikali'q forma jag'i'nan bayi'ti'wda ti'nbay qa'lem terbetti. Shayi'rdi'n' muhabbat lirikasi', tiykari'nan alg'anda, muhabbatqa sadi'q, haqti'n' joli'n tutqan lirikali'q qaharmanlardi'n' obrazi'n ashi'p beriwi menen si'patlanadi'. Mi'sali':

*Bir wo'mir i'g'bali'mni'n' jarasi'g'i' tapti'm dedim,*
*Qa'ne yendi bag'ar bolsa ko'zlerime, wol ko'zlerin'.*
*Gu'lzardan wottay do'nip lawlap turg'an gu'ller terdim,*
*Miyasar ko'rse yeger muhabbati'n wol ko'zlerin'.*
*Rizadurman mi'n' ji'lli'q azaplarg'a, sag'i'ni'shlarg'a,*
*Yeger bir ku'n bag'ar bolsa jamali'ma wol ko'zlerin'.*

Yen' basli'si, bul qatarlarda muhabbatqa sadi'qli'q ayri'qsha ko'zge taslanadi'. Bul a'jayi'p pazi'ylet bazi' bir halatlarda folklorli'q usi'lda – ulg'aytti'ri'li'p giperbolizaciyalani'p berilse de, jarasi'mli' tu'rde, haqi'yqatli'qqa si'yi'mli' yetip sa'wlelendirilgenligi menen woqi'wshi'ni'n' di'qqati'n wo'zine tartadi'.



Usi'larg'a qosi'msha woni'n' bir qatar g'a'zzellerinde tek muhabbat sezimi g'ana yemes, al wo'mir kartinalari', woni'n' tu'rli-tu'rli qarama-qarsi'li'qlarg'a toli' dinamizmi ayqi'n tu'rde su'wretlengenligi di'qqatqa miyasar. Mi'sali':

*Sen hiyle saxnasi'nda, men wo'mirdin' wo'zindemen,*
*Sen kimnin'du'r arqasi'nda, men wo'termen haqqa ji'lap.*
*Sen saltanat ba'rgasi'nda, men girdabti'n' ko'zindemen,*
*Sen g'a'ziyne da'ryasi'nda, men wo'termen haqqa ji'lap.*
*...Na'biyra der: a'y doslari'm wo'mir degen saxna yemes,*
*Hasli'mi'zdi' bu'rkemesten jasayi'q bir haqqa ji'lap...*

Mine, bul qatarlardag'i' «haq» so'zi, bizin'she, insaniyatti'n' yerkine g'a'rezsiz bir ilahiy ku'sh, adamg'a baxi'tti' da, baxi'tsi'zli'qti' da inam yete alatug'i'n ulli' tulg'a «Allani'n'» bir ati' si'pati'nda su'wretlengen. Usi' taqlettegi ideyalar N.To'reshovani'n' basqa da lirikali'q shi'g'armalari'nda, uluwma do'retiwshiliginde – da'stan ha'm poemalari'nda son'g'i' ji'llari' ayri'qsha ko'zge tu'spekte. Usi' qa'siyetleri menen N.To'reshova shi'g'armalari' son'g'i' da'wirdegi poeziyami'zdag'i' shayi'r A'.Wo'tepbergenovti'n' bir qansha do'retpeleri menen u'nlesip ketetug'i'n siyaqli'. Wolarda N.To'reshova diniy-islamiy du'nyatani'mdag'i' hadalli'q, pa'klik, adamgershilik, kisige hazar bermew, barli'q na'rsenin' sheshimi menen juwmaqlari'n tek «Qudaydan», «Haqtan» tilew ideyalari'n wortag'a qoyadi'. Hadali'yli'qti' jaqlaw filosofiyasi', xalqi'mi'zdi'n' milliy xarakteri, milliy inani'mlari' ko'zqarasi' jag'i'nan ali'p qarag'anda da qollap-quwatlawg'a turarli'q boli'p tabi'ladi'. Biraq, bul si'yaqli' woy-pikirler menen ko'rkem - poetikali'q usi'llar buri'ng'i' kommunistlik ideologiya da'wirinde qollap-quwatlanbag'ani' bi'lay tursi'n, ha'tte, wolardi' baspa so'zde ja'riyalag'anlardi'n' da qatan' tu'rde jazalang'an waqi'tlari' boldi'. Soni'n' ushi'n da shayi'r do'retpelerindegi bul ideyalardi'n' ashi'q-aydi'n ji'rlani'wi'n yerkinlik penen g'a'rezsizliktin' arqasi'nda dep tu'singenimiz maqsetke muwapi'q boli'p tabi'ladi'.

N.To'reshovani'n' «A'ziyzim» atli' toplami'na kirgizilgen «Qaraqalpaqstan», «Babajan», «Jiyen ji'raw monologi» ha'm tag'i' basqa qosi'qlari' avtordi'n' patriotizm ideyalari'nan da'rek berip, wolarda da jalg'an siyasiy - publicistikali'q shaqi'ri'qlardan go're lirikali'q qaharmanni'n' ju'rek to'rinen shi'qqan so'zler yekenligin ani'q abaylaymi'z.

XX a'sirdin' aqi'ri'ndag'i' epikali'q poeziyami'zdi'n' rawajlani'wi'na N.To'reshovani'n' poemalari' menen da'stanlari' belgili u'les boli'p qosi'ladi'.

Ma'selen, shayi'rdi'n' «Qi'zi'm aw», «Tutqi'n» si'yaqli' poemalari' menen qatar, «Yalg'anshi'» atli' dramali'q da'stani' da milliy g'a'rezsizlik ji'llari'ndag'i' qaraqalpaq poeziyasi'nda aytarli'qtay tabi'slarg'a iye boldi'. «Qi'zi'm aw» poemasi'ni'n' syujetlik - kompoziciyali'q bag'dari' qi'sqa ha'm shag'i'n boli'p, do'retpe tiykari'nan alg'anda, moralli'q, a'dep-ikramli'q mashqalalar sebepli a'kesinen ayi'ri'li'p, biya'dep anasi'ni'n' qoli'nda qali'p ketken lirik qaharmanni'n' ishki tolg'ani'slari'na, ruwxi'y debdiwlerine quri'lg'an. Syujettin' sheshimi a'debiy qaharmanni'n' qi'zi'na qarata aytqan ishki monologlari', sol jigittin' joldan adasqan qostari'ni'n' u'stinen shi'g'i'p, qi'zi'n naduri's joldan aman ali'p qali'wi' menen juwmaqlanadi'.

Poemani'n' lirik qaharmani' Yusup degen jigittin' teren' ishki tolg'ani'sqa toli' monologlari'n sheber tu'rde beriw qa'lem iyesinin' usi' shi'g'armadag'i' tabi'slari'ni'n' qatari'na jatadi'. Bunday ishki monologlar qi'sqa syujetke jan berip, woni' poetikali'q jaqtan jetilistirip, tu'rlendirip, woqi'wshi'lardi'n' di'qqati'n wo'zine qarati'p, perzentke degen a'kelik muhabbatti'n' qu'diretin teren'nen jetkeriwge xi'zmet yetedi.

Juwmaqlap aytqanda, N.To'reshova wo'zinin' ha'r qi'yli' janrdag'i' lirikali'q shi'g'armalari', ra'n'ba'-ra'n' ideyali'q – tematikali'q ha'm janrli'q – stillik bag'dardag'i' poemalari' ha'm da'stanlari' menen ha'zirgi milliy qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' rawajlani'wi'na sezilerli da'rejede u'les qospaqta.

## MONOSTIXTE (BIR QATARLI' QOSI'QTA) LIRIKALI'Q OBYEKT HA'M WONI'N' LIRIKALI'Q QAHARMAN OBRAZI'N JASAWDAG'I' KO'RKEMLIK FUNKCIYASI'

***Baxti'yar Genjemuratov***

Ko'rkem a'debiyatti'n' epikali'q ha'm dramali'q tu'rlerinde basli' qaharmanlardi'n' obrazlari'n jasawda personajlar aktiv qatnasti'ri'ladi' ha'm wolardi'n' obraz jasawdag'i' a'hmiyeti u'yrenilip kiyati'r. Biraq, lirikali'q shi'g'armalardag'i' lirikali'q qaharman obrazi' u'yrenilgende epikali'q ha'm dramali'q tu'rlerdegi personajlarday ko'rkemlik wazi'ypani' atqari'wshi' lirikali'q obyekt ma'selesi ilimiy di'qqattan shette qali'p kiyati'r. Lirikali'q shi'g'armalar formasi' jag'i'nan ku'ta' bay. Wolardi'n' formasi'ni'n' ko'lemine baylani'sli' lirikali'q obyekt maydani' da ken'eyip bara beredi. Sonli'qtan biz bul